# ГЬИТІИНАБ РУЗ

**Лене майер-Скуманц / Салваторе Шиашиа**
**МагІарул мацІ: Абдулаев Махач Магомедович**



Цебего заманаялда гІадамалги хІайваналги цо мацІалда кІалъалел рукІараб мехалъ рохьоб ЦІахІилал мугІрузда нахъ гІумру гьабулеб букІана рузил тІинчІ. Анлъго вассал яссазда гьоркьоб гьеб букІана бищунго гьитІинаб, ахиралдатана гьелъ жиндирго нохо. Гьелъул Эмен, Эбелалъмалъана гьелда тІоцебе боржине кколеб куц,гІункІкІал кквезе, бакъул тІансал гьаризе. Цинги гьез абуна: Мун хІинкъуге гьитІинаб руз!Балагье дуниялалде!

Дун жеги гьитІинго гьечІищ? гьикъана рузица. Эмен, Эбелалъ абуна рузида, ниж кидаго дуда хадур ралагьун рукІине руго. Дуда лъазе ккола кинабго, кинан квен тІалаб гьабизе кколеб, кинан цойги рузазда гьоркьоб гІумру гьабизе кколеб. Мун гІемераб боржанагІан, дуда жеги лъикІлъазе буго боржизе. Хадуб Эбел Инсухги балагьун, ригъизе гьарун куркьбалгун руз ана боржун. ЦІахІилал мугІрузда нахъа бугеб рохьор гІумру гьабулел рукІана гІемерал чІаголъаби. Нухдасанги свакан хІухь бахъизе цо ганчІида гІодоб рештІана руз. Гьелда бихьана бакъудаги бегун хинлъиялдаса кеп босулеб гІалхъул кету. гьел цоцада рихьараб мехалъ катица гьикъана. Мун щиб гьабизе гьаниб рештІараб?



Дуца дида бицея, кин гIалхул кету гIадамаз берцин гьабизе биччараб? Къаси дун боржун унаго дида бихьана гIадамазда кету жимардилеб, мун гIалхул гуребищ? Рузица кьурал суалазде данде жавабги батичIого гьелъ цин бахун абуна: боржая гьаниса нахе! ГьитIинаб руз пашманго гьелдеги балагьун ана бложун. Гьелда батана борхатаб гъветI, бицатаб гIаркьелгун. Руз гьелдаги рештIун ургъулеб букIана. Ургъалилъ букIадго со сасги бахизабун аскIоб рештIана тIавус. Рузалдеги балагьун тIавусалъ гьикъана: щайзе дида кIолареб боржизе, бекеризе гIадин? Гьаниб дур бусен гьечIо, боржая мун гьаниса нахъе! ТIаса лъугьа дидасаян абуна рузалъ. ТIавусалъ жиндирго рачIги гIодобе биччан, рузидеги балагьун байбихьана: Дир буго дуе суал, дие сабур толареб: Щайзе щибаб тIавусил букIине кколеб цо цо гъветI? дие бокьун буго гIемерал рукIине.



дир буго кӀудияб рачӀ, дида рорхатал гъутӀбузда гурони щоларо макьо, щайзе гьедин бегьулареб? Дида гьелде жаваб лъалароян бахъана руз. кинан лъалареб?киналго рузазда гьеб лъала дуда щай лъалареб? ахӀтӀана тӀавус. Боржа гьаниса нахъе!

Гьелда батана гьитӀинаб каратӀ, жанибеги лъугьун гьеб ургъана. щай дун нечезе хьолеб? катица жиндирго бицун,т Ӏавусалъ жиндирго бицула дие гьеб щай? Бакъги тӀерхьун унеб букӀана мугӀрузда нахъе. ноходасан къватӀибеги балагьун руз букӀана бохун унеб бакъул чӀоразе. Бахъа тӀаде! бахана нахъасан гьаракь, бугеб берцинаб сордоян рагӀана рузида абулеб боржулеб гӀункӀкӀалъ. Гьелда бихьана къадада бахӀан бугеб гӀункӀкӀ, жиндирго кверал чӀекӀулеб, букӀана квешаб махӀги, Рузалда хӀехьезе кӀвечӀого гьелъ абуна: дудасан квешаб махӀ буго! Квешеаб махӀ бугоя? цӀехана боржулеб гӀункӀкӀалъ.



Дуе дун квен гуро. мун руз буголъидал? Дун жеги гьтӀинго буго, битӀараб гьечӀищ? рузазада кинабго лъала гури, дир буго дуе суал, балагьея кин дун гьабун бугеб куц. канлъи гьечӀеб бакӀалда, дида батула диего квен. Дица гьезул рахъалдехун биччала гьаракь. хадуб гьездасан данде бачӀуна жаваб. гьениб дица ккола дирго квен.аман цо жо буго дир ракӀ бекулеб. Цо соналда дида кӀоларо цоялдаса гӀемераб тӀинчӀ бахизе. КӀалакӀучӀалда гӀемер гьаризе кӀола. Щайзе гьедин берцин гьабураб боржулеб гӀункӀкӀалда кӀолареб цоялдаса гӀемер гьабизе? Гьеб дида лъаларо, жаваб кьуна рузица. дун гьелда боржуларо, кинабго лъалеб рузалда гьеб щай лъалареб? пашманго гьикъана гӀункӀкӀалъ. Хадуб рузалъухги балагьун боржун ана ГӀункӀкӀ. гьелда хадур гьенир жанисан роржун ана садахъ жеги гӀемерал гӀункӀкӀал, гьезда хадур пашманго балагьун хутӀана гьитӀинаб руз. ГьитӀинаб руз жиндиего квен тӀалаб гьабизе къватӀиб бахана. Гьелда бихьана гьитӀинаб гӀункӀк, речӀчӀун тадгун гьелъ гьеб кванана. Цо заманаялдасан гьелда рагӀана тӀеренаб гьаракь.



Гьеб букIана ноходаса къватIибеги балагьун сордулеб гIункIкI. Рузица гьелда гьикъана: мун лъица гьабураб? Гьеб дуда лъазе ккола, щай дуца дида гьеб гьикъулеб? дун аниса къватIибе бачIине бокьунищ дуе? Нуж сабаблъун холел руго нижˈ! бокьилаан дида лъазе щай ножоца чIахIкваналареб? яги мугь кваналареб, абуна рузалъ. Гуро мугь нижер гIемераб буго ян цIиндана гIункIкI. Хадуб руз жиндиего хIухь бахъизе бакI балагьизе боржун ана. Гьу гьу гьу. дун цIодораб гьечIо, дун жеги цIализе ккола. захIмалъун гIодана руз. гьедин хадуб кьижун ккана. Радал бакъ баккараб мехалъ рузги тIаде борхана. Хадуб ригъизе гьарун гьитIинал кваркьбигун боржун ана ЦIахIилал мугIруздехун балагьун. Жиндаго гъоркь гьелда бихьулеб букIана гьитIинаб гIорги, рукъги, гIалхул катица бицулеб букIараб. Кинабго букIана берцинго.Боржун унаго гьелда рагIана гIадамасул кечI ахIулеб гьаракь. Руз боржана гьаракьалде, гьелда йихьана гIрух лъим цIолей чIужу гIадан. Гьелда аскIобги рештIун рузица абуна гьелда: Дур буго берцинаб гьаракь, диралдасаги берцинаб.



ЧІужу ялагьана гьелъух,хадуй гьимана. Гьелъ абуна, балагьея,нилъер киназулго букІани релъараб гьаракь. дуниялалда букІинаан цІакъ пашманго! Дуда, дидаса лъикІ бихьула ва рагІула, боржизег лъала, киналго гьаб дуниялалда руго батІиял. Щай дуйа кечІ ахІулеб? Дица кечІ ахІула дие хІалтІи бигьалъизе, пашманго йигеб мехалъ, цо цо нухалъ дица дуниялалъеги ахІула. Киб бугеб дунял? гьикъана рузалъ. Киса киего, жаваб кьуна ЧІужуялъ. ГІаданасул беразда бихьула гьелъул берцинлъи, бакъ, цІваби,моцІ, руго гьелъул берцинлъи. Гьанир лъелъ ругел щугІбузда лъалищ кинабго? гьикъана рузалъ.



Дунялалда кинабго гьабуна нилъер ракь Эбелалъ. Гьелъие киналго рокьула, батІалъи гьечІого, жаваб кьуна ЧІужуялъ. Дица гьелда кидаго гьарула, дир рукъ, хинго букІине, лъимал унтичІого рукІине, дир гІанкІуяз гІемер хІанал гьареян тІанчІал рахизе. Дуе метер букІине бугеб жоялъул

ургъелищ бугеб? Гьедин киназулго букIуна. ян жаваб кьуна гьелъ. Руз дуда лъалищ, метер цIад базе бугищ? ян цIехана чIужугIаданалъ. НакIкIабазул махIгьечIоха дида чIвалеб ян жаваб кьуна рузалъ. Хадуб гьаваялдеги борхун боржун ана руз. Боржун унаго руз гIемераб ургъулеб букIана дуниялалъул. Къаси гьеб щвана ЦIахIилал мугIрузде. ГъотIода тIадги рештIун гьеб балагьана добе гьанибе, гьелда бихьана канлъи жанисан бачIунеб гьитIинаб рукъ. Рузалъе бокьана лъазе, гьеб щибалъул канлъи гьенисан бачIунеб бугеб, ва хадуб ана боржун канлъухе. Гьеб рештIана гордоялда тIад, гьелда вихьана хереав чи, хадуб гьелъ гьаракь гьабуна.



ЛъикI щвараб дир гъастIе, ян абуна херав чияс. Рузица хадуб цIехана: Щиб дуца гьаниб гьабулеб бугеб? Херав чияс жаваб кьуна: Къо букIана гьитIинаб, гьале дица тIехь цIалулеб буго. Щиб гьеб тIехьалда бугеб? цIехана рузалъ. Гьаб буго кIудиясул тIехь, гьаниб буго кинабго лъазе кколеб жо ян жаваб кьуна херас. Кив гьев вугев? цIех гьабуна рузалъ. Киса кивего, зодов, нилъер беразда вихьулареб бакIалда, гIадамазул рекIелъ вуго гьев! »Дуца щиб гьарулеб бугеб гьесда? ян жобона руз. Дир гIемераб буго гIумруялда гьаризе гьесда ккараб жо абун жаваб кьуна херас. Дур ракIалда ургъел ккоге, мун пашманлъуге, дицаги гьарила дуе сахлъи; гьебги абун руз боржун ана. Хадусеб къоялъ гьеб рештIана гIурул рагIалда. Гьелда данде чIвана гьитIинаб лъимер, кодоб ккун катил тIинчIгун. Гьес катил тIинчI квашулеб куцалъух балагьун хутIана руз. ГIурулъе риччан бохалгун гьев вукIана ччугIбизух валагьун. Рузалда кинабго берцин бихьун, гьеб бохун букIана, гIаданги, кетуги цоцазе бокьиялдасан.



ГьитIинав васасе щибалъулго ургъел букIинчIо. Хадуб рузалда ракIалде щвана киналго цIарал; Руз, ГIалхул кету, ТIавус, Боржулеб гIункIкI, Эбел. Эмен, кидаго нижеда хадур рукIунел. Бакъ тIерхьун унеб букIана. Руз балагьун рохьалдехун боржун ана. Рохьобе щварабго, гьелда батана гIонкIкIол каратI, ва ахIтIана жанибе. »Ху ,ху,ху!! Кинабго чIагояб чIагоялдаса гIумру гьабулеб буго! Ножор мугьазулги буго гIумрудул къуват! Гьенисан боржун унаго, данде чIвана боржулеб гIункIкI. Гьелда гьелъ абуна, Дур чохьоб букIани цоялдаса гIемераб тIинчI, дуда боржизе кIвелароан, дур кваркьабаз гьеб хIал хIехьелароан, гьединлъидал дур букIине гьечIо цоялдаса гIемераб тIинчI.»



Гьедин батила ян пашманго балагьана гIункIкI. ва боржун ана. Хадуб щвана тIавусил гъотIоде. Гьелда ракIалде ккана, гьабиле чIухIараб гIанкIудул тайпа, кьижизе гIемер бакI къваригIунеб.

Кьижун тIавусги тун боржана рузил тIинчI. Хадуб гьелда бихьана гIалхул кету, жиндиего квен тIалаб гьабулеб. Катил берал ракун рачIана руз бихьарабго: Гьа лъанищ дуда гIелму? ян гьикъана гьелъ. Жеги лъачIо, дун жеги гьитIинго буго! амма дида бихьана гIадамалгун цадахъ гIумру гьабулеб кету. »Гьедин батизеги бегьула« ян гъварана гIалхул кету, киналго релъарал гьечIолъидал! Киналго релъарал гьечIолъидал гьеб лъикI гьечIищ? ян цIехана рузалъ.



Кету пашманго гIенеккун чIана, ва руз ана боржун. Ахиралда гьеб щвана жиндирго Эбел, Инсухе. Гьез гьикъана: Щиб дуда бихьараб, лъанищ дуда дуниял? ГIезегIан бихьана ва лъана, жааб кьуна рузица. Гьанжеялдаса нахъе дица киназдаго бицизе буг о дида бихьарабги, лъарабги! Гьабе гьедин! дир лъимер, ян йохана Эбел. Хадуб Инсуца тIаде жубана: дуе гIадамазда гъорлъ, захIматго букIине буго, гьел лъидаго боржуларо. Рузалъ бетIерги тIаду борхун абуна: Дун боржизе вуго гIемерав, дида ватизегIан, дида боржулев, пашманго абуна гьелъ.



